



Mizajou

Ki sa ki andedan

Enfòmasyon pou moun k ap travay	1
Enfòmasyon pou moun ki resevwa Social Security (Sekirite Sosyal) avantaj	2
Enfòmasyon pou moun ki resevwa Supplemental Security Income (SSI, akwonim nan lang Anglè)	3
Enfòmasyon pou moun ki sou Medicare	3
Kontakte nou	5

Mizajou sa a bay enfòmasyon sou Social Security (Sekirite Sosyal) taks, avantaj, ak depans pou 2023. Dapre lalwa, kèk nimewo chanje otomatikman chak ane pou ratrape ak chanjman nan pri ak nivo salè.

Enfòmasyon pou moun k ap travay

Social Security (Sekirite Sosyal) ak Medicare taks

Social Security (Sekirite Sosyal) taks yon anplwaye/patwon peye (chak):

- An 2022 li te 6.2% sou salè jiska \$147,000
- An 2023 li te 6.2% sou salè jiska \$160,200

Social Security (Sekirite Sosyal) taks yon anplwaye peye pèsonèlman:

- An 2022 se te 12.4%* sou salè jiska \$147,000
- An 2023 se te 12.4%* sou salè jiska \$160,200

Medicare taks yon anplwaye/patwon peye (chak):

- Nan 2022 se te 1.45% sou tout salè yo
- Nan 2023 se 1.45% sou tout salè yo

Medicare taks yon anplwaye peye pèsonèlman:

- An 2022 se te 2.9%* sou tout salè yo
- An 2023 se 2.9%* sou tout salè yo

**Ka konpanse nan dispozisyon enpo sou revni*

Kredi travay

Lè ou ap travay, ou gen kredi pou avantaj Social Security (Sekirite Sosyal). Kantite kredi ou ap bezwen pou ou kalifye pou Social Security (Sekirite Sosyal) avantaj yo depann sou laj ou ak sou kalite avantaj ou aplike pou yo. Ou ka gen yon maksimòm 4 kredi chak ane. Pi fò moun bezwen 40 kredi pou yo kalifye pou avantaj retrèt yo.

- An 2022 \$1,510 te pèmèt yo jwenn yon kredi
- An 2023 \$1,640 te pèmèt yo jwenn yon kredi

Enfòmasyon pou moun ki resevwa Social Security (Sekirite Sosyal) avantaj

Limit sou salè

Dapre lwa federal, moun k ap resevwa avantaj Social Security (Sekirite Sosyal) epi ki poko rive nan laj konplè pou pran retrèt, yo gen dwa resevwa tout avantaj yo depi salè yo anba limit ki endike anba a. Pou moun ki te fèt ant 1943 ak 1954, laj konplè pou retrèt la se 66. Pou laj retrèt konplè a ap ogmante ti kras pas ti kras jiskaske li rive nan laj 67 pou moun ki fèt an 1960 oswa pi ta.

Si ou gen laj pou pran retrèt konplè oswa plis:

- Nan 2022 pa t gen okenn limit nan salè yo
- Nan 2023 pa t gen okenn limit nan salè yo

Si ou poko gen laj pou pran retrèt konplè, n ap kenbe \$1 sou avantaj pou chak \$2 ki depase limit la.

- An 2022 limit sou salè a se te \$19,560
- An 2023, limit sou salè a se \$ 21,240.

Nan ane ou rive nan laj konplè pou pran retrèt la, n ap kenbe \$1 nan avantaj pou chak \$3 ki depase limit la.

- An 2022 limit sou salè a se te \$51,960
- An 2023, limit sou salè a se \$ 56,520.

Limit sou salè benefisyè ak andikap: Si ou ap travay pandan ou ap resevwa avantaj pou andikap, ou dwe mete nou okouran salè ou kèlkeswa kantite ou resevwa a. Ou ka gen salè san limit pandan peryòd travay esè a pou jiska 9 mwa (pa nesèsman youn dèyè lòt) epi toujou resevwa tout avantaj yo. Apre ou fini ak peryòd travay esè 9 mwa a, nou pral deside si ou toujou kalifye pou avantaj andikap yo. Epi tou ou ka kalifye pou lòt rekonpans travay pou ede ou fè tranzisyon pou retounen nan travay.

Limit sou salè pou Aktivite Pwofesyonèl Enpòtan pou benefisyè ki pa avèg ki gen yon andikap:

- An 2022 limit sou salè a se te \$1,350 pa mwa
- An 2023, limit sou salè a se \$ 1,470 pa mwa

Limit sou salè pou Aktivite Pwofesyonèl Enpòtan pou benefisyè ki avèg ki gen yon andikap:

- An 2022 limit sou salè a se te \$2,260 pa mwa
- An 2023, limit sou salè a se \$ 2,460 pa mwa

Limit sou salè pou benefisyè ki gen yon andikap k ap patisipe nan yon peryòd travay esè:

- An 2022 limit sou salè a se te \$970 pa mwa
- An 2023, limit sou salè a se \$ 1,050 pa mwa

Enfòmasyon pou moun ki resevwa Supplemental Security Income (SSI, akwonim nan lang Anglè)

Peman SSI federal pa mwa (maksimòm)

Peman federal maksimòm chak mwa SSI pou yon moun:

- An 2022 se te \$841
- An 2023 se \$914

Peman federal maksimòm chak mwa SSI pou yon koup:

- An 2022 se te \$1.261
- An 2023 se \$1.371

Limit revni pa mwa

Limit revni mansyèl pou moun ki gen revni sèlman nan salè yo:

- An 2021 se te \$1.767
- An 2022 se \$1.913

Limit revni mansyèl pou moun ki gen revni ki pa soti nan salè yo:

- An 2022 se te \$861
- An 2023 se \$934

Limit revni mansyèl pou koup ki gen revni sèlman nan salè yo:

- An 2022 se te \$2.607
- An 2023 se \$2.827

Limit revni mansyèl pou koup ki gen revni ki pa soti nan salè yo:

- An 2022 se te \$1.281
- An 2023 se \$1.391

REMAK: Si ou gen revni, jeneralman avantaj chak mwa ou ap pi ba pase maksimòm peman federal SSI a. Sonje byen, ou dwe deklare tout revni ou bay nou. Kèk eta ajoute lajan nan peman federal SS la. Si w ap viv nan youn nan eta sa yo, ou ka kalifye pou plis peman. Revni ou ka plis pase limit ki endike yo epi ou toujou ka kalifye.

Enfòmasyon pou moun ki sou Medicare

Pifò depans Medicare ap ogmante ane sa a pou reponn ak ogmantasyon pri yo nan depans swen sante.

Asirans Lopital (Pati A)

Pou premye 60 jou nan yon lopital, yon pasyan peye:

- An 2022 \$1,556
- An 2023 \$1,600

Pou 61yèm jiska 90yèm jou nan yon lopital, yon pasyan peye:

- An 2022 \$389 pa jou
- An 2023 \$400 pa jou

Pou plis pase 90 jou nan yon lopital, yon pasyan peye:

- An 2022 \$778 pa jou
- An 2023 \$800 pa jou

Pou premye 20 jou nan yon mezon retrèt kalifye, pasyan an peye:

- An 2022 \$0
- An 2023 \$0

Pou 21yèm jiska 100yèm jou nan yon mezon retrèt ki kalifye, yon pasyan peye:

- An 2022 \$194.50 pa jou
- An 2023 \$200 pa jou

Acha Prim Pati A Kantite prim ou peye pou achte Medicare Pati A depann sou nimewo Social Security (Sekirite Sosyal) kredi ou te genyen. Si ou gen:

- 40 kredi kantite lajan pou achte prim nan Pati A an 2022 te \$0
- 40 kredi kantite lajan pou achte prim nan Pati A an 2023 te \$0
- 30-39 kredi kantite lajan pou achte prim nan Pati A an 2022 te \$274 pa mwa
- 30-39 kredi kantite lajan pou achte prim nan Pati A an 2023 se \$278 pa mwa
- Mwens pase 30 kredi kantite lajan pou achte prim nan Pati A an 2022 se te \$499 pa mwa
- Mwens pase 30 kredi kantite lajan pou achte prim nan Pati A an 2023 se \$506 pa mwa

Asirans Medikal (Pati B)

Prim Pati B

- An 2022 se te \$170.10 pa mwa
- An 2023 se \$164.90 pa mwa**

Franchiz

- An 2022 se te \$233 pa ane
- An 2023 se \$226 pa ane

Aprè pasyan an fin peye franchiz la, Pati B peye pou 80 pousan sèvis ki kouvri yo.

REMAK: *Si ou jwenn Medicare epi revni ou ba, eta ou a ka peye Medicare prim epi, nan kèk ka, franchiz ou yo ak lòt depans medikal ki ou fè pèsònèlman. Kontakte asistans medikal lokal ou a (Medicaid) ajans, sèvis sosyal oswa biwo byennèt pou plis enfòmasyon.*

***Prim estanda chak mwa a se \$164.90. Kèk moun ki gen revni ki pi wo peye prim ki pi wo.*

Kontakte nou

Gen plizyè fason pou ou kontakte nou, tankou anliy, nan telefòn, epi fasafas. Nou la pou nou reponn kesyon ou yo epi pou nou sèvi ou. Social Security (Sekirite Sosyal) gen plis pase 85 lane depi li ap ede plizyè milyon moun asire jodi ak demen yo, lè li pèmèt yo jwenn avantaj ak pwoteksyon finansyèl pandan tout lavi yo.

Ale sou sit entènèt nou an

Fason ki pi pratik pou ou fè aktivite ki lye ak Social Security (Sekirite Sosyal), se anliy nan **www.ssa.gov** (disponib ann Anglè ak Espanyòl). Ou kapab akonpli anpil bagay. Gen kèk nan sèvis sa yo ki disponib ann Anglè sèlman. Pou ede ou fè aktivite ki lye ak Social Security (Sekirite Sosyal),

- Aplike pou Extra Help with Medicare prescription drug plan costs (Èd Siplematè ak plan depans pou medikaman sou preskripsyon Medicare) (disponib ann An-glè sèlman).
- Aplike pou pifò kalite avantaj yo (disponib ann Anglè sèlman).
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo (disponib nan plizyè lang).
- Jwenn repons pou kesyon moun poze souvan yo (disponib ann Anglè ak Es-panyòl).

Lè ou kreye yon kont *my* Social Security, (disponib ann Anglè sèlman), ou kapab menm fè plis.

- Verifye *Social Security Statement* ou a (Deklarasyon Sekirite Sosyal).
- Verifye salè ou.
- Jwenn estimasyon pou avantaj yo pi devan.
- Enprime yon lèt verifikasyon avantaj.
- Chanje enfòmasyon sou depo dirèk ou.
- Mande yon kat Medicare ranplasman.
- Jwenn yon ranplasman SSA-1099/1042S.
- Mande yon kat Social Security ranplasman, si ou pa gen okenn chanjman epi Eta ou a ap patisipe.

Aksè nan kont pèsònèl *my* Social Security ou a kapab limite pou itilizatè ki pa Ozetazini.

Rele nou

Si ou pa kapab itilize sèvis anliy nou yo, nou kapab ede ou pa telefòn lè ou rele biwo Social Security (Sekirite Sosyal) nan zòn ou an oswa Nimewo Nasyonal gra-tis 800 nou an. Nou bay sèvis entèprèt gratis sou demann. Ou kapab jwenn enfòmasyon sou biwo ki nan zòn ou an lè ou antre Kòd postal ou nan paj entènèt lokalizasyon biwo nou yo (aktout lokalizasyon biwo nan zòn nan disponib ann Anglè sèlman, ou kapab antre kòd postal ou pou ou jwenn biwo nan zòn ki pi pre a).

Ou kapab rele nou nan **1-800-772-1213** — oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si ou soud oswa ou pa tande byen — ant 8:00 a.m. – 7:00 p.m., Lendi rive Vandredi. **An jeneral, tan ou ap tann pou pale ak yon re-prezantan Social Security (Sekirite Sosyal) pi kout lè Mèkredi rive Van-dredi oswa pi ta nan jounen an.** Pou ou jwenn sèvis entèprèt gratis nou an, rete sou liy lan epi fè silans pandan mesaj vokal otomatik ann Anglè yo, jiskaske yon reprezantan Social Security (Sekirite Sosyal) reponn ou. Reprezantan Social Security (Sekirite Sosyal) a ap kontakte yon entèprèt pou ede ou nan apèl la.

Epitou, nou ofri anpil sèvis telefòn otomatik ann Anglè ak Espanyòl, ki disponib 24 èdtan pa jou, yon fason pou ou pa bezwen pale ak yon reprezantan Social Security (Sekirite Sosyal).

Si ou gen dokiman nou bezwen verifye, pa bliye dokiman yo dwe se orijinal oswa kopi ki sètifye nan ajans ki bay yo a.



Securing today
and tomorrow

Social Security Administration
Publication No. 05-10003-HC I January 2023 (Amended)
Mizajou

Update (Haitian Creole)
Produced and published at U.S. taxpayer expense
Yo pwodui epi yo pibliye li ak lajan taks kontribyab Ameriken yo Mizajoui